

Mit Anpil Moun Tande Sou Vaksen Johnson & Johnson nan

Gen plizyè **mit** sou nouveau vaksen COVID-19 lan ki nan lari a. Nan CHN, nou vle ba w **enfòmasyon** sou vaksen sa a konsa w ap ka pran bonjan desizyon sou sante ou.

"Mwen tande vaksen COVID-19 lan ap banm COVID-19. Èske se vre?"

Vaksen an p ap ba w COVID-19. Vaksen an pa itilize virus ki vivan ki deklannche COVID-19 lan. Depreferans, vaksen an aprann kò w kijan pou li konnen li enfekte epi goumen kont virus lan ki deklannche COVID-19. Ou kapab gen kèk sentom aprè w fin pran vaksen an, tankou lafyèv. Sa se yon siy ki nòmal ki montre kò w ap pwoteje li kont COVID-19.

"Èske vaksen an pral lakòz mwen pozitif ak COVID-19 lè yo fè tès pou mwen?"

Non, vaksen an p ap pral lakòz tès COVID-19 ou fè a pozitif. Lè tès lan pozitif sa vle di ou gen COVID-19 aktyèlman.

"Mwen te déjà genyen COVID-19. Èske mwen ta dwe toujou pran vaksen an?"

Si w te déjà gen COVID-19 lan, ekspè yo kapab toujou rekòmande pou ou pran vaksen an. Lè w fin gen COVID-19 lan, kò w kapab kreye kèk pwoteksyon otomatik kont virus lan. Etandone nou pa konnen pou konbyen tan pwoteksyon an ap ye epi gen yon chans ou kapab vin malad ankò, lè w pran vaksen an se pral yon etap enpòtan k ap ba w plis pwoteksyon.

"Mwen aprann gen yon ti pis nan vaksen COVID-19 lan. Èske se vre?"

Se pa vre. Sa a se yon move nouvèl ki mache pandan sezon pandemi a. Li enpòtan pou w pran enfòmasyon apati sous fyab yo, tankou CDC. Si ou gen yon kesyon sou yon bagay ou tande konsènan vaksen sa a, ou kapab poze yon doktè oswa yon enfimyè CHN kesyon.

Pale ak yon doktè oswa yon enfimyè CHN si ou gen plis kesyon sou vaksen an!



Swen Sante pou tout moun.

866.246.8259

www.chnnyc.org

